



FÒK NOU PARE POU MOVÈ TAN



net

neighborhood enhancement team

Fòk pou 72 Ede nou Ede-ou

Preparasyon pou dezaz ak ijans la komanse lakay nou anvan. Malgre ke Leta, Conte-an ak Citi-a pral reponn aprè chak dezaz ak resous nesèsè, pa gen garanti ki lè sa ap fèt. Se pou tèt sa premye 72 zèd tan apre yon dezaz oubyen ijans trèzenpòtan. Ka pa genyen telefòn, limyè ak transpò ki mache. Aksè a manje, medikaman, glas, gaz ak dlo ka enposib.

Se pou tèt sa preparasyon pou dezaz oubyen ijans pou ou ak fanmi-ou trè nesèsè pou premye 72 zèd tan. Nou ka elimine anpil difikilte lè ke nou konnen ki kote manje, dlo ak resous-yo ap soti pou premye 72 zèd tan. Epi tou sa kapab pèmèt Citi-a pi vit rekòmanse sèvis li.

Alò pa bliye...fòk premye 72 Ede nou Ede-ou

Pou plis enfòmasyon sou kijan ou ka prepare fanmi-ou pou dezaz, tanpri rele biwò NET la 305-960-4NET ou byen 305-960-4638.

LIS FOUNI NAP BEZWEN Pou 72 Zed Tan

Fòk chak kay ou sant genyen founi pou 72 zèd tan. Men lis bagay ke nou genyen:

- Dlo (yon galon pou chak moun nan yon konntenè plastik)
- Manje ki pap gate fasil (ase pou chak moun)
- Manje lan kanistè (vyann, fwi, legim, soup, sereyal, crake, bonbon, fwi sèch)
- Kafè, te, ak lòt bwason
- Lèt an poud, evapore ou nan bwat
- Dokiman Enpòtan: Sere fotokopi dokiman enpòtan nan yon konntenè plastik nan yon kote ki aksesib.
- Asyèt an plastik, fouchèt, kiyè, kouto, ouvè bwat
- Gaz pwopann, chabon, Sterno, alimèt
- Bròs a dan, pat dantifris, savon ak lòt bagay nou itilize
- Founi pou bebe: manje, kouchèt
- First Aid Kit: Bwat pansman nap bezwen
- Papyè twalèt, savon pou lesiv, dezenfektan
- Flashlight ak pil
- Radio ak batri
- Lajan likid (ase pou 72 zèd an)
- Zouti (kòd, mato, klou)
- Gazolin pou delko ak machin nou
- Konntenè plastic pou pake bagay
- Plagatox ak spre pou bèt
- Kamera ak fim
- Rad pwòp: pou tout moun nan kay la
- Medikaman: pou de semèn
- Insulin pou diabèt: mete li nan kote fre
- Linèt, kontak ak founi nap bezwen
- Manje pou bèt lakay nou